

Reouvèti lekòl pou ane eskole 2020-2021 an fikse pou lendi, 31 out! Nou kontan anpil pou nou wè epi fè echanj avèk elèv nou yo, keseswa sila yo ki ap vini jwenn nou nan edifis lekòl la oubyen lòt ki ap rete lakay yo pou aprann nan mond vityèl la.

Pa bliye pataje foto ak videyo ou pran nan premye jou lekòl la avèk nou sou Facebook ak Twitter pandan ke ou ap itilize **#CCPSFamily** epi tag nou nan **@collierschools**.

Nou mete pi ba a kèk ti rapèl ki pral ede ou menm avèk pitit ou prepare pou premye jou lekòl la.

EGZIJANS POU ELÈV KOUVRI VIZAJ YO

Nou egzije pou elèv yo kouvri vizaj yo lè yo nan otobis lekòl yo ak lè yo rive nan batiman lekòl la apati lendi, 31 out. Si pitit ou ap vini lekòl pou chita nan sal klas li, tanpri veye pou ke li genyen yon mas pou kouvri vizaj li depi nan premye jou lekòl la. Nou pral distribye mas pou kouvri vizaj ak linèt pwoteksyon CCPS (ki trè rekòmande) nan premye jou lekòl la pou bay chak elèv kèk materyèl adisyonèl. Si ou ta renmen resevwa materyèl sa yo avan premye jou lekòl la, tanpri kontakte lekòl pitit ou a.

Nou pap aksepte mouchwa (bandana) ak kach-nen ki gen valv kòm kouvèti pou vizaj.

MODÈL ANSÈYMAN VITYÈL

CCPS CLASSROOM CONNECT

Avèk anviwon 35% elèv nan kòmansman ane eskolè a ki pral chita aprann lakay yo atravè CCPS Classroom Connect, nou mete ti [videyo](#) kout sa a pou w gade e li ap ba ou pwosedi pou w kòmanse yo.

Elèv Classroom Connect yo gen dwa patisipe nan pwogram pou vini pran dejene ak manje midi nan lekòl yo! [Klike](#) isit la pou plis enfòmasyon.

eCOLLIER ACADEMY/ORÈ FLEKSIB POU ELÈV KLAS SEGONDÈ

Tout elèv dwe make prezans yo chak jou pou chak kou yo ap pran atravè Canvas LMS pou yo ka konsidere ke yo prezan.

EGZIJANS POU VAKSINASYON

Si ou pa Pran Vaksen – Ou pap ka Vini Lekòl! Tout elèv dwe pran tout vaksen yo egzije yo pran AVAN ke yo prezante lekòl nan premye jou a.

[Klike](#) isit la pou w ka jwenn enfòmasyon sou vaksinasyon yo.

KoteBisLa (WheresTheBus) – APLIKASYON POU SWIV PAKOU BIS LEKÒL LA

Si pitit ou pral vini lekòl nan bis la, tanpri telechaje aplikasyon mobil nou an ki rele WheresTheBus™ avan premye jou lekòl la rive pou w kapab swiv pakou epi lokalize bis lekòl pitit ou a. Ou ap telechaje aplikasyon an gratis epi li pral ba ou enfòmasyon a lè ekzak pou konnen ki kote bis lekòl pitit ou a ye, enfòmasyon sa a ap enkli tou kilè bis la pral rive nan kote yo rezève pou li depoze pitit ou a.

[Klike](#) isit la pou w jwenn enfòmasyon sou aplikasyon WheresTheBus la.

PÒTAL CCPS – METE A JOU ENFÒMASYON POU NOU KONTAKTE OU YO

Vizite Pòtal CCPS la JODI A menm pou w ka òganize dokiman pou reouvèti lekòl yo avan premye jou a rive. Ou kapab tou mete enfòmasyon pou kontakte ou yo a jou yon fason pou w kapab asire ke ou ap resevwa mesaj enpòtan ki ap soti nan Distri a ak nan lekòl pitit ou a.

[Klike](#) isit la pou vizite Pòtal CCPS la.

ESTASYON ÒGANIZAYON FANMI – KALANDDRIYE

Siveye Estasyon Òganizasyon Fanmi 2020-2021 CCPS nou an ki ap vini lakay ou nan dezyèm semenn lekòl la! Ane sa a, kandriye nou a ranpli avèk plis resous ankò pou sipòte elèv ak fanmi pou yo kapab rete òganize, pratike fason pou jere tan yo yon fason ki efikas, epi etabli woutin ak aktivite pou pwomote enstriksyon ki ale pi lwen jounen lekòl la.

Fè efò pou w vizite paj entènèt sou reouvèti lekòl la ki rele Fanmi CCPS "Annou Avanse" nan collierschools.com/reopening pou jwenn dènyè direksyon sou enfòmasyon sante ak sekirite avèk lòt resous enpòtan pou elèv nou yo ki ap retounen lekòl.

Annou anvanse pou pi devan nan ane eskolè 2020-2021 an ansanm. Nou se yon Fanmi CCPS – yon kominote ki ini! Nou kase randevou pou 31 out e nou pral pase yon ane lekòl eksepsyonèl!

Dr. Kamela Patton
Sipèentendan Lekòl yo